**МБОУ «ОЛИ А. ХАБЕЗ ИМ. ХАПСИРОКОВОЙ Е.М.»**

**Конкурсное испытание «Урок»**

**Абитов Хизир «Большая скала и маленькое яичко»**

Сидакова Элла Владимировна,
учитель родного (черкесского) языка и литературы

**<u>Темэ:</u> Абыт1э Хъызыр «Къурш абрагъуэмрэ джэдык1э ц1ык1умрэ»**

**<u>Урокым и мурадыр</u>:** Хьэбэчыр Бет1ал и гъащ1эмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ къэпщытэжын;

Абыт1э Хъызыр ди литературэм щиубыд увып1эр, адыгэ литературэм и зиужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуищ1ар къэхутэн;

Тхак1уэм и усэр зытеухуар, гупсысэу щ1элъыр зэхэгъэк1ын;

Тхыгъэм къи1уатэ 1уэхугъуэхэм узыхуашэ гупсысэхэр убзыхун;

Еджак1уэхэм я бзэм зегъэужьын;

**1. Егъэджак1уэ. Фи махуэ ф1ыуэ, ц1ык1ухэ!**

-Сэ Хьэбэз лицейм адыгэбзэмрэ литературэмрэ сыриегъэджак1уэщ, си ц1эр Элла Владимировнэщ. Нобэрей дерсыр езгъэк1уэк1ынур сэращ!

**2. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжыныгъэ.**

**Егъэджак1уэ.**

**-**Сэ хуабжьу си гуапэщ нобэ фэ сывдэлэжьэну .Сэ сощ1эр адыгэбзэр ф1ыуэ зэрыфлъагъур, гур дихьэхыу зэрывгъэшэрыуэр. Ик1и абы сеплъыну сыхуейщ! Япэ щ1ык1э унэ лэжьыгъэр къэтпщытэжынщ.

- Ат1э адыгэ тхак1уэхэм ящыщу хэт зи гугъу тщ1ар дерс блэк1ам? *(Дерс блэк1ам дэ тхак1уэ Хьэбэчыр Бет1ал и гугъу тщ1ащ.)*

1. Сыт хуэдэ къуажэм къыдэк1а Хь.Б. *(1906 гъэм Зеикъуэ къуажэм къыщыхъуащ Хь. Б.))*

2. Сыт хуэдэ унагъуэм къыхэк1а Бет1ал? *( Тхак1уэр зэхуэщ1ауэ псэу мэкъумэшыщ1э унагъуэ къыхэк1ащ.)*

3.Щ1эныгъэ зригъэгъуэтынымк1э хэт сэбэп къыхуэхъуар? *( Бет1ал Урыс егъэджак1уэ Яблонский Федор Николаевич дэ1эпыкъуэгъухь къыхуэхъуащ.)*

4. Еджап1эр къиуха нэужь сыт хуэдэ 1эщ1агъэ зригъэгъуэта? *(Хь. Б. Баталпашинск дэт еджак1уэхэр здагъэхьэзыр еджап1эр къиухащ).*

5. Бет1ал сыт хуэдэ и усэхэм феджа унэм? *«Зеикъуэ» , «Щ1ымахуэ жэщ»,»Псыжь», «Ди гуф1эгъуэшхуэщ», «Губгъуэм,»,*

6.Ахэм щыщу сыт хуэдэ нэхъ фигу ирихьар, фигу къинэжа?

7. А усэхэм щыщу 1ыхьэ гуэрэ фигу ивубыдауэ п1эрэ?

*- Сэ си анэшыр Зеикъуэщи а къуажэм теухуа усэм щыщу зы 1ыхьэ ц1ык1у сыкъеджэфынущ. (къоджэ)*

*Си нэ, си псу Зеикъуэ,*
*Къуэуэ уи1эм сащыщщи,*
*Си щхьэр ину солъагъу,*
*Угъурлыжьу си лъап1э ,*
*Лъахэм уардэу урес!*

**Егъэджак1уэ.**

**-** Сыту ф1ыуэ уигу ибубыда ик1и хъарзынэу укъеджа! Сэри си псэм и щ1асэщ Зеикъуэ къуажэр, сыту жып1эмэ сыкъыздэхъуар абдежщ. Ф1ыдыдэу зывгъэхьэзыращ унэм.Тхьэ фигъэпсэу.

**2.Темэщ1эр ябгъэдэлъхьэныгъэ (тхак1уэм и сурэт))**

**Егъэджак1уэ.**

-Нобэрей ди дерсым нэ1уасэ зыхуэтщ1ынущ Абыт1э Хъызыр и гъыщ1эмрэ и литературнэ лэжъыгъэмрэ. Ик1и и зы тхыгъэ гъэщ1ыгъуэн деджэнущ. Абы и гупщысэ нэхъыщхьэри къэтхутэн хуейщ.

- Нобэрей ди дерсыр къыщ1эздзэну сыхуейщ абы къыхуэсхьа эпиграфымк1э

**Ирипсалъэ, Адыгэщ1, адыгэбзэм**
**Тетыхунк1э уи дунейм адыгэпсэ!**
*Абыт1э Хъызыр*

-Ат1э, ц1ык1ухэ, сэ гу лъыстащ, фэ адыгэбзэ дахэ зэрыф1урылъым. Дэ псомк1и къыдгуры1уэн хуейщ бзэ зимы1э лъэпкъым гъащ1э зэримы1энур, зэрык1уэдыжынур. Фэ лъэныкъуэ псомк1и еджа, гъэса фыхъун папщ1э, фи анэдэлъхубзэр япэ ивгъэщу, фи гупсысэхэр къриф1уэтэфын хуейщ.

-Сэ шэч къытесхьэкъым фэри бзэм хуэлажьэ ди щ1эныгъэл1хэм хуэдэ къызэрыфхэк1ынум.

-Дэтхэнэрей ц1ыхури и лъэпкъым и л1ык1уэщ, и напэщ, и акъылщ.

-Адыгэбзэри ф1ыуэ илъагъуу, акъылыф1эу, адыгэ хабзэхэри и гъуэгугъэлъагъуэу ц1ыхугъэшхуэ зыхэлъа усак1уэ Абыт1э Хъызыр Ехье и къуэм нэ1уасэ зыхуэтщ1ынущ. А тхак1уэр «**Хьэгъундыкъуей къуажэр усыгъэм и гущап1эщ»** жезгъэ1а тхак1уэхэм ящыщщ.

-Тхак1уэм и творчествэм теухуауэ **кластер** зэхэдгъэувэнщ..(**Доскам деж)**

**- Кластерыр ар псалъэ нэхъ купщ1аф1эхэмк1э зэуэ на1уэ тхак1уэм и гъащ1эмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ зэращ1 1эмалщ. Сэ кластер доскам къызэрык1эрыслъхъэм хуэдэу фэри тхылъым деж щызэхэвгъэувэ.**

1) **1941 гъ**. – Абыт1э Хъызыр Ехья и къуэр Али-Бэрдыкъуэ къуажэм къыщыхъуащ. Еджап1эр къиуха нэужьк1э езым и къарук1э лэжьащ

2) **1969 гъ-** Хъызыр къиухащ Новочеркасскэ гидромилиоративнэ техникумыр , куэдрэ и 1эщ1агъэм ирилэжьащ.

3) Хъызыр иджыри къуажэ еджап1эм щ1эст тхэн щыщ1идзам. Ик1и 1958 гъэм **«Черкес пэж»** газетым къытрадзащ.

4) Абыт1эм и усэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдэк1ащ тхылъих. –пл1ыр **-Адыгэбзэк1э тхылъхэр.-«**Усэхэр», «Жьэгу маф1э», «Уэшхым и таурыхъ» ,»Вагъуэбэ»

5) **Урысыбзэк1э тха тхылъхэр**-«Ступени гор», «Два охотника».

6) Хъызыр щ1эх къыгуры1уащ ц1ыху лэжьак1уэм пщ1э зэрыхуэщ1ыпхъэр,и лэжьэк1эм ц1ыхур зэригъэдахэр, ик1и и усэхэм и **Гупщысэ нэхъыщхьэ**щ улажьэу ушхэжыным нэхъ насып зэрыщымы1эр, и хэкум, и лъэпкъым хуи1э лъагъуныгъэр

7) 1989 гъэм къыщыщ1эдзауэ Россием и **тхак1уэхэм я Союз**ым хэтщ ик1и ди республикэм и тхак1уэхэм я Союзым консультанту мэлажьэ.

-Мыр унэ лэжьыгъэр щывгэзащ1эм деж сэбэп къыфхуэхъунущ.

Выставка. Гу лъывэзгъэтэну сыхуейщ Абыт1э Хъызыр и выставкэ ц1ык1ум. Дерс нэужьым фыкъыбгъэдыхьи тыншу феплъ.

Кроссенс

-Ат1э иджы тхыгъэм и ц1эр кроссенсым хэгъпщк1уащи , къэдывгъэгъуэт.

-Япэрауэ , сыт хуэдэ псалъэ фигу къигъэк1рэ кроссенсым? **Кроссворд .** Кроссенс жыхуа1эр сурэтибгъук1э зэхэгъэувауэ , ахэр мыхьэнэк1э зэпхауэ псалъэ е жы1эгъуэ крипщ1эу 1эмалщ.

Сурэтхэр

-Доскам к1эрылъ сурэтхэм ярытхэр жыдывгъэ1эт.

Бгы- къурш( синоним, омоним)

Ин-ц1ык1у

Джэдык1э.

Ин-ц1ык1у

-Хэт къищ1а тхыгъэм и ц1эр?

- Тэмэмщ. нобэ дэ деджэнущ Аб. Хъ.и «Къурш абрагъуэмрэ джэдык1э ц1ык1умрэ» жыхуи1э балладэм. **Ц1ык1ухэ, дигу къэдывгъэгъэк1ыжт балладэ жыхуи1эр.**

**Балладэр ар усэбзэк1э тхауэ сюжет зи1э тхыгъэ ц1ык1ущ.**

***а) Словарнэ лэжьыгъэ***

**Егъэджак1уэ.**

Мы тхыгъэм деж дэ дрихьэл1энущ псалъэ гугъухэм.

**Къурш- бгы**

**Абрагъуэ- ин, щэджащэ**

**П1алъэр къос - зэманыр къос**

**Мазэхэр зэблок1 - мазэхэм захъуэж**

**Пещэр псалъэр - адэк1э же1э, иджыри зыгуэр къык1элъок1уэ**

**Сыногуэк1уащ - сынохъуэпсащ**

**Фи гъащэр к1эншэщ - бын къыфщ1охъуэ, к1э и1экъым**

**б*) Усэм къеджэн***

**Егъэджак1уэ.**

-Иджы тхыгъэм фыкъызэреджэным и щапхъэ фэзгъэлъэгъунущ.

**(Усэм егъэджак1уэр къоджэ)**

-Иджыри къывгурымы1уа псалъэ хэт сыкъызэджам, ц1ык1ухэ?

***б) Зэпкъырыхынығъэ***

**Егъэджак1уэ.** Хэт ат1э л1ыхъужь нэхъыщхьэхэу дызыхуэзар мы балладэм? (къуршымрэ, джэдык1эмрэ)

-Сыт зытепсэлъыхьыр? Жы1эжын ____________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

-Сыт хуэдэу тхак1уэм къигъэлъагъуэрэ бгыр,джэдык1эр? ( бгыр-ин, лъэщщ, къэрууф1э;
джэдык1э ц1ык1ур –ц1ык1у, махэ, къаруушэ)

-Ц1ыхухэм сыт хуэдэ я щытык1э, дуней тетык1э, гъэпсык1э фи нэгу къыщигъахьэрэ бгым? (зызгьэбэлыхьхэр,ц1ыху пагэхэр)

-Ц1ыхум сыт хуэдэ и хьэл- щэн бгым и образым къигъэлъагъуэр? (щхьэщытхъуныгъэ, щхэхуещэныгъэ, нэгъуэщ1ым и щхьэ езмылъытыныгъэ)

-Ц1ык1ухэ, гу лъывэзгъэтэну сыхуейщ, тхак1уэр щ1агъыбзэ хэлъу зэрытхэм.

-Сыт хуэдэ художественнэ 1эмал къигъэсэбэпа тхак1уэм псэ къащы1уигъак1эм, псэ щахилъхьэм?

**Олицетворение**-

Балладэм деж сыт бгым ц1ыхум ещхьу ищ1эр? ( Хощэтык1,мэпсалъэ, мэдыхьэшх),джэдык1э ц1ык1ури мэпсалъэ. Тэмэмщ.

в) **по ролям**

**Егъэджак1уэ.**Сэ сыкъызэреджам зэревгъэщхьыным фыпылъурэ балладэр диалогк1э гъэнщащи, дыкъевгъаджи девгъэплъыт, къэпсэлъык1эк1э къэдгъэлъэгъуэфыну п1 эрэ тхыгъэм и мыхьэнэр?

Псалъэр зейр зэуэ къыдгуры1уэн щхьэк1э мис мыпхуэдэ пы1э ц1ык1ухэр згъэхьэзыращи дыкъыдок1ри тхылъхэр т1ыгъыу, сценэм дыщыджгум хуэдэ дыкъевгъаджэ.

-Ат1э къуршым и псалъэхэм къоджэ________,

джэдык1эм и псалъэхэм къоджэ________

авторым и псалъэхэм_________________

Дэхащэу псоми вгъэзэщ1ащ образхэр,

г) Ди адыгэбзэр къулейщ **псалъэжьхэмк1э**.

Фэ ахэр зэрыфщ1эр къэтлъэгъун папщ1э лэжьыгъэ ц1ык1у едгъэк1уэк1ынущ. Мы доскам тет псалъэжьым фыкъеджэу ар зыхуэпхь хъуну балладэм хэт л1ыхъужьым и ц1эр къиф1уэн хуейщ.

***Пагэр мэгыз.*** ***Бгышхуэращ жыхуи1эр.***

***Ц1ык1у щхьэк1э лъабжьэщ.*** (Мал да удал) ***Джэдык1эращ.***

д) Сыт зэрызэмыщхьыр къуршымрэ джэдык1эмрэ? Мы упщ1эм и жэуапыр антоним псалъэхэмк1э къыжыф1э.

***Ин - Ц1ык1у*** ***хоровые ответы***

***Махэ - быдэ***

***Къарууншэ - къаруууф1э***

-Фэ даурэ къыфщыхъурэ ц1ык1ухэ, хэт нэхъ лъэщыр? Сыт ар лъэщ зыщ1ыр? (*Джэдык1эращ. Щ1эблэ зэри1эращ лъэщ зыщ1ыр.*

-Ат1э уегупсысмэ, бгыр нэхъ инти нэхъ лъэщуи щытын хуейт, ауэ тхак1уэм дришэл1ащ мы гупсысэм

Джэдык1эр **ц1ык1у щхьэк1э щ1эблэ и1эщ, бгыр ин щхьэк1э пищэфкъым, къак1уэ и1экъым**

Мы жы1эгъуэр схемэк1э къэбгъэлъагъуэмэ теплъэу и1энур мыращ.
**Слайд 6**

Бгы
Джэдык1э- бгъэшыр-бгъэшхуэ

**Темэщ1эр гъэбыдэжыныгъэ**

1.Абыт1э Хъызыр и тхыгъэ нобэ дджар къритпщытэжыну едгъэк1уэк1ынщ мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр.

-Дауик1, фэ къыфхэтщ **сурэт** щ1ынымк1э зэчий зи1э. Мы тхыгъэм дыкъыщеджэм фи нэгу къыщ1эхьам и сурэт фщ1ын хуейщ. Хэт ищ1ыфыну? 1 ученик

2. Ар ищ1ыхук1э апхуэдэ къабзэу **сурэт**, ауэ **жьэры1уатэу** нэгу къыщ1эхьамк1э хэт ищ1ыну хуей ?

Еджак1уит1ыр мэлажьэ

(зым сурэт ещ1, нэгъущ1ыр- къытопсэлъыхьыж)

-Сурэтыщ1ым лэжьыгъэр иухащ, ик1и тэмэму къигъэлъэгъуащ абы бгым и инагъри, джэдык1эм и ц1ык1уагъри.

-Сыт хуэдэ пычыгъуэ къигэлъэгъуа сурэтыщ1ым?

Жэуап.

**3.Хэчыхьауэ къеджэн**

-Доскам деж пыль суртхэм итыр къыщывгъуэт текстым деж, а пычыгъуэм фыкъеджэ.( ц1ык1ухэм къагъуэт, къоджэ)

-Ат1э сыт хуэдэ гупщысэ нэхъыщхьэ и1эр мы балладэм? (Ответы детей).

**-Тхак1уэм къыджи1эну хуейщ къару мащ1эм утегушхуэн зэрыхуэмейр, нэхъ иныр нэхъ ц1ык1ум щыдэхьэшхын хуейкъым.**

-Гъащ1эм и деж фыщрихьэл1ауэ п1эрэ фэ апхуэдэ 1уэхугъуэ, къыжыф1эж.

---

Урыс литературэм деж хэт и образыр щапхъэу къэфхьыфыну? ( Ивнушка-дурачок,гадкий утенок- япэ щ1ык1э фэшхуэ темытами иужьк1э бэлыхь мэхъужхэ

**Егъэджак1уэ.** Тэрэзщ.

**Ц1ыхум и купщ1эр сыт щыгъуи и теплъэм къигъэлъагъуэкъым.**

Егъэджак1уэ: Нобэ дызтепсэлъыхьа псор къызэщ1икъуэжу зы уэрэд фыщ1эзгъэдэ1уну сыхуейщ. Тыншу фыт1ысхи , макъамэ дахэм щ1эт псалъэхэм феда1уэ. Иужьк1э къызжеф1энущ , сыт хуэдэ гупщысэхэм ухуишэрэ а псалъэхэм? (музыка)

Еджак1уэ: Дэ мы псалъэхэм дыхуешэ мыпхуэдэ гупщысэм: дауэ къаруф1эу ущымытми, сыт хуэдэ зэф1эк1хэр уимы1эми, сыт щыгъуи щыпкъагърэ икърарrэ пхэлъын хуейщ.

Ик1и ди дерсыр кърисппщытэжу зыфхуэзгъэзэну сыхуейщ си къуажэгъу тхак1уэу Хьэбэчыр Бет1ал и псалъэхэмк1э:

**Ц1ыху ф1ыщ1эр гъащ1эм игъэпщк1укъым,**
**Ди щ1эблэм и щапхъэ мэхъу.**
**Ц1ыхугъэр гъэхэм здахьыфкъым**
**Ар зэи фигу ивмыгъэху.**
**Фыщремыщ1э насыпым,**
**Фхырелъ адыгэ нэмыс.**
**Унэ лэжьыгъэ етын.**
-Абык1э нобэрей дерсыр и к1эм нэсащ. Хьэлэмэту фыкъыздэлэжьащ, ек1уу си упщ1эхэм я жэуапхэр къызэфташ, лэжьауэ хъуам «тху» фхузогъэув. Ик1и нэгъыщэ фи партэм телъхэмк1э къэвгъэлъэгъуэну сыхуейт нобэрей дерсыр фигу ирихьарэ иримыхьарэ!

-Си гуапэщ!

-Унэм гъэхуауэ феджэу зывогъасэ текстым. Ауэ ц1ык1ухэ, мы балладэм иджыри нэгъуэщ1 гупсысэм ухуешэ. Абы и жэуапым фегупсыси, тхауэ къыздэфхьыж. Сытк1э ат1э щ1ыуэпсыр зэрыхъумэн хуейр зэрепхар тхыгъэм ?